

Chank

Chank se yon enfeksyon bakteryèn ki pwopaje nan fè bagay nan vajen, nan dèyè ak nan bouch. Li trè ra nan vil New York.

Sentòm yo

Chank kapab lakòz maleng ki fè mal sou jenital yo. Maleng yo kòmanse tankou ti boul wouj sansib ki vin pi gwo, vin fè mal epi senyen.

Lòt sentòm yo ka gen ladan:

- Doulè lè w pipi
- Doulè oswa senyen lè w ap fè bagay
- Doulè oswa senyen lè w watè
- Glann ki fè mal, anfle nan lenn lan



Chank



Prevansyon

Kapòt ak pwoteksyon bouch ka anpeche transmisyon chank men se sèlman si yo kouvri zòn ki enfekte a (maleng yo).

Tès

Yon pwofesyonèl swen sante ap sèvi ak yon prelèvman pou kolekte yon echantyon likid soti nan yon maleng.

Tretman

Yo trete chank ak antibiyotik. Tretman konplè a nesesè pou trete enfeksyon an, kidonk li enpòtan pou pran tout medikaman an, menm si ou santi ou pi byen.

Poukisa Pou w Jwenn Tretman

Si li pa trete, chank ka lakòz gwo domaj nan nenpòt zòn ki gen maleng, tankou po a, jenital yo oswa rektòm lan. Lè w gen chank, li plis fasil pou pran oswa transmèt VIH.

Patnè Seksyèl yo

Patnè seksyèl ou yo dwe trete tou pou yo pa devlope pwoblèm sante grav, re-enfekte w oswa pase enfeksyon an bay lòt moun. Ou ta dwe di tout patnè seksyèl ou te genyen pandan 10 dènye jou yo sou enfeksyon ou a pou yo kapab egzamine epi trete.

Chank ak Gwosè

Nou pa konnen okenn efè grav pou ti bebe moun ansent ki gen chank. Ou ta dwe fè pwofesyonèl swen sante ou konnen kanmenm ke ou ansent lè ou chèche tretman pou chank.

Klinik Sante Seksyèl Vil New York yo bay sèvis konfidansyèl, ki pa koute chè oswa gratis ki gen ladan tès STI ak VIH.

Pou jwenn yon klinik,
vizite
nyc.gov/health/clinics.